

Konpetans lekti nan diferan laj

Otè a se Amanda Morin

Nou fè patenaraya ak [Understood.org](https://www.understood.org) pou nou founi edikatè ak fanmi yo resous ke ekspè verifye e ki fonde sou done ki pwouve konsènan diferans ki genyen nan aprantisaj.

Menm lè yo tibebe, timoun yo devlope kapasite lekti ki etabli fondasyon an pou yo aprann li. Men yon lis etap enpòtan nan lekti yo selon laj la. Sonje ke timoun yo devlope ladrès pou lekti nan pwòp vitès yo, kidonk yo ka pa tonbe nan kategori etap sa yo egzakteman.

Tibebe (laj 0–12 mwa)

- Kòmanse lonje men yo pou pran liv ki gen kouvèti mou oswa liv ki fèt ak papye katon
- Gade epi manyen foto ki nan liv yo
- Reyaji parapò ak yon liv istwa nan fè gazouyman ak ti son
- Ede vire paj yo

Timoun piti (laj 1 an–2 zan)

- Gade foto epi bay non atik yo rekonèt yo, tankou chen, gode, ak ti bebe
- Reponn kesyon sou sa yo wè nan liv yo
- Rekonèt kouvèti liv yo pi renmen yo
- Resite mo nan liv yo pi renmen yo
- Kòmanse pran pòz l ap li nan vire paj ak envante istwa

Timoun preskolè (laj 3–4 lane)

- Konnen fason kòrèk la pou kenbe ak manipile yon liv
- Konprann ke se pou li mo yo de goch a dwat epi li paj yo depi anwo jouk anba
- Kòmanse remake mo ki **rime**

- Rakonte istwa yo ankò
- **Rekonèt apeprè mwatye lèt alfabè a**
- Kòmanse asosye son lèt yo ak lèt yo (tankou konnen b fè yon son /b/)
- Ka kòmanse rekonèt non l si non an ekri ak lòt mo li wè souvan, tankou sa ki sou pankat ak logo yo

Timoun nan Jadendanfan (laj 5 lane)

- Asosye chak lèt ak son li reprezante a
- Idantifye son ki nan kòmansman, nan mitan, ak nan fen mo yo pwononse yo tankou chen oswa chita
- Di nouvo mo lè yo chanje son ki nan kòmansman an, tankou soti nan rat pou chanje ale nan chat
- Kòmanse asosye mo yo tandè ak mo yo wè sou paj la
- Fè son mo senp yo
- Kòmanse rekonèt kèk mo yo wè san yo pa bezwen fè son yo
- Mande epi reponn kesyon kiyès, kisa, ki kote, ki lè, poukisa ak kijan nan yon istwa
- Rakonte yon istwa ankò nan lòd, avèk mo oswa imaj
- Prevwa sa k ap pase apre nan yon istwa
- Kòmanse li oswa mande pou yo li liv pou enfòmasyon ak pou plezi
- Sèvi ak langaj istwa pandan lè jwe oswa konvèsasyon (tankou dragon an te di “Mwen ka vole!” “Mwen ka vole!”)

Elèv klas primè ki pi piti (laj 6–7 lane)

- Aprann règ **òtograf** yo
- Kontinye ogmante kantite mo yo rekonèt kou l wè yo
- Amelyore **vitès ak fasilite lekti**
- Sèvi ak endis kontèks pou fè son ak konprann mo yo pa abitye avèk yo
- Retounen epi reli yon mo oswa yon fraz ki pa fè sans (oto-siveyans)
- Konekte sa yo ap li ak eksperyans pèsonèl yo, lòt liv yo li, ak evènman mondyal yo

Elèv klas primè ki pi gran (laj 8–10 lane)

- Nan klas twazyèm ane, pase de aprann li pou ale nan li pou aprann
- Li avèk presizyon mo ki gen plis pase yon silab
- Aprann sou prefiks, sifiks, ak mo rasin, tankou sa yo ki nan *helpful (itil)*, *helpless (san itilite)*, ak *unhelpful (initil)*

- Li pou diferan rezon (pou plezi, pou aprann yon nouvo bagay, pou konnen direksyon, elatriye)
- Eksplòre diferan estil
- Dekri kad la, pèsonaj yo, pwoblèm/solisyon, ak entrig yon istwa
- Idantifye epi rezime sekans evènman yo nan yon istwa
- Idantifye tèm prensipal la epi yo ka kòmanse idantifye tèm minè
- Fè dediksyon (“li ant liy yo”) lè yo sèvi ak endis ki soti nan tèks la ak konesans yo te genyen anvan yo
- Konpare ak fè diferans la ant enfòmasyon ki soti nan diferan tèks
- Gade prèy ki soti nan tèks la lè y ap reponn kesyon sou li
- Konprann konparezon, metafò, ak lòt aparèy deskriptif

Elèv presegondè ak segondè

- Kontinye agrandi vokabilè yo epi li tèks ki pi konplèks
- Analize kijan pèsonaj yo devlope, kominike youn ak lòt, epi avanse entrig la
- Detèmine tèm yo epi analize fason yo devlope atravè tèks la
- Sèvi ak prèy ki soti nan tèks la pou sipòte analiz tèks la
- Idantifye imaj ak senbolis nan tèks la
- Analize, fè sentèz, epi evalye lide ki soti nan tèks la
- Konprann satir, sakasm, iwoni, ak efemis

Sonje ke kèk lekòl konsantre sou konpetans diferan nan klas diferan. Kidonk, gade kijan yon timoun reyaji fas ak lekti, tou. Pa egzanp, timoun ki gen difikilte pou yo li ka **gen difikilte pou yo li ka gen anksyete lakay yo lè yo dwe li**.

Si ou enkyè pou kapasite lekti, chèche konnen **poukisa kèk timoun gen difikilte pou yo li**.

Otè a

Amanda Morin se otè "The Everything Parent's Guide to Special Education" (Gid Paran sou Tout Bagay sou Edikasyon Espesyal) ak ansyen direktè lidèchip panse nan Understood. Antanke yon ekspè ak ekriven, li te ede fòme Understood depi premye jou li yo.

Revizè a

Ginny Osewalt se yon pwofesè edikasyon elemantè ak edikasyon espesyal ki gen doub sètifikasyon ki gen plis pase 15 lane eksperyans nan edikasyon jeneral, enklizyon, sal resous, ak anviwònman otonòm.